# Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириў

№ 6 2017 жыл

ISSN 2181-7138

*Илимий-методикалық журнал*

**Редактор:**
***А. Тилегенов***

**Редколлегия ағзалары:**

Мақсет АЙЫМБЕТОВ
Нағмет АЙЫМБЕТОВ
Аманжол АЯПОВ
Өсербай ӘЛЕЎОВ
Қадирбай БЕКТУРДИЕВ
Рисбой ДЖУРАЕВ
Асқар ДЖУМАШЕВ
Муратбай ЖУМАНОВ
Кеңесбай СЕЙДУЛЛАЕВ
Қуўанышбай ОРАЗЫМБЕТОВ
Бахамдулла НУРАБУЛЛАЕВ
Жаңабай ИСАКОВ

**Шөлкемлестириўшилер:**
***Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў Министрлиги, ӨЗПИИИ Қарақалпақстан филиалы***

**Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Жоқарғы Аттестация Комиссиясы Президиумының 25.10.2007 жыл (№138) қарары менен дизимге алынды**

**Қарақалпақстан Баспа сөз ҳәм хабар агентлиги тәрепинен 2007-жылы 5-мартта дизимге алынды №ОА-044-санлы гуўалық берилген.**
**Мәнзил: Нөкис қаласы, Ерназар Алакөз көшеси №54**
**Тел.: 224-23-00**
**e-mail: uzniipnkkf@umail.uz, mugallim-pednauk@umail.uz**
**www.mugallim-uzliksiz-bilim.uz**

***Журналға келген мақалаларға жуўап қайтарылмайды, журналда жәрияланған мақалалардан алынған үзиндилер «Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириў» журналынан алынды, деп көрсетилиўи шәрт. Журналға 5-6 бет көлеминдеги материаллар еки интервалда TIMES NEW ROMAN шрифтинде электрон версиясы менен бирге қабыл етиледи. Мақалада келтирилген мағлыўматларға автор жуўапкер.***

# МАЗМУНЫ

## ТИЛ ҲӘМ ӘДЕБИЯТ

**Бабажанова К.И., Жангабаева А.** Predloglardi salistirmali tu'rde u'yreniw ha'm sabaq protssesinde paydalaniw jollari ........ 4
**Матмуратова Р.З.** Тарийхый шынлықты сүўретлеўши драма ........ 8
**Давлетов Б.** Қарақалпақ әдебиятында қаҳарманлық дәстанлар ........ 12
**Палванова М. П.** Причины появления СН лиц как дотекстовых парадигматических единиц связанных с их функциями ........ 15
**Арзымбетова С.** Понятие иронии ........ 18
**Кенжебаева Г.М.** Развитие сравнительного языкознания в Узбекистане ........ 21
**Kaljanova SH., Kurbanbaeva D. M.** Practical use of special parts in writing skills ........ 23
**Tajieva A., Kenjebaeva G.** Issues on materials development for non-phylological students of higher educatijnal establishments ........ 26
**Mamutova Yu.R.** How to improve writing in English essay ........ 28

## ПЕДАГОГИКА, ПСИХОЛОГИЯ

**Сапарбаева Т.** Оқытыўшы хызметинде қатнас мәдениaты ҳәм психологиясы ........ 30
**Romanova S.** Muzíka sabağında oqíwshílardíń nota sawatlílíğín asíríw barísí ........ 33
**Сапарбаев Т., Арзымбетов Т.** Зийрек оқыўшыларды пәнлер олимпиадасына таярлаўдың педагогикалық әҳмийети ........ 37
**Yo'ldashev Sh. Saparbaev T.** Mekteplerdin' ata-analar menen birge islesiwinde pedagogikaliq bilim beriw rejeleri ha'm formalari ........ 40
**Klıcheva Z ., Najimov A.** Zamanago'y jurnalisttin' psixologiyaliq portreti ........ 43
**Курбанбаев А.Ш., Аляминов Х.** Ўлкашунослик материаллари - ўзига хос ўта халқчил манба сифатида ........ 45
**Турғунов А. А.** Касбни мустақил танлашга тайёргарликнинг психологик-педагогик асослари ........ 48
**Шамшетова А.К.** Психологик билимларга эга бўлиш ўзимизга бўлган тўғри муносабатдир ........ 52
**Нагметова Н.** Қорақалпоқ донишмандларининг ўғил болаларни мустақил ҳаётга тайёрлаш борасидаги педагогик қарашлари ........ 55
**Mahmudov B. A.** Harakatli o'yinlar bositasida boshlangich sinf o'quvchilarini estetik tarbiyalashning didaktik talablari ........ 57
**Аляминов Х., Курбанбаев А.Ш.** Ўлкашунослик материаллари асосида тасвирий санъат таълими мазмунини такомиллаштириш ........ 61
**Абдуллаева Ў.И.** Бўлажак ўқитувчиларни таълим тарғиботига тайёрлаш ва кенг китобхонликни тарғиб этиш малакаларини шакллантириш ........ 63
**Мирзаева Ф.О.** Таълим – тарбия жараёнида педагогик муносабатни бошқариш услублари ........ 66
**Шамиева О. Р.** Таълимда инновацион технологиялар ........ 70
**Ҳамрақулова Д.** Талабалар билим эгаллашнинг асосий босқичлари ........ 74
**Ибраймов А.Е.** Таълим жараёнини синергетик ёндашувлар асосида такомиллаштириш . 77
**Шерманов Э. У.** Дахлдорлик тарбияси орқали фуқаролик жамиятини шакллантириш .. 80
**Кувондикова Г.** Тарбия жараёни ва унинг моҳияти ........ 84
**Pirmatova O.** Dars mashg'ulotlarini adabiy ta'lim metodlari orqali tashkil qilish ........ 89
**Ахмедова М.Э.** Техника олий таълим муассасалари талабаларида касбий тафаккур тушунчаси ва моҳияти ........ 93
**Qıdırniyazov A.** Pedagogika ixtisosligi talabalarining mediakomponentligi oily ta'lim muassasalari mediata'lim makoni kontekstida ........ 98

нады» деген еди. Ҳақыйқатында да биз устазлар елимиздиң келешеги ҳәм раўажланыўы ушын билимли, пикир дүньясы кең, жетик әўладты тәрбиялаўда бар билим ҳәм тәжирийбемизди, күш ғайратымызды сарыплайық.

Әдебиятлар:
1. Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасы. Т., 1997 ж.
2. Математика олимпиада масалалари.Тошкент, "Ўқитувчи" нашриёти, 1993 й.

РЕЗЮМЕ

Мазкур мақолада иқтидорли ўқувчиларни олимпиада мусобақаларига тайёрлашнинг йўллари кўриб чиқилган.

РЕЗЮМЕ

В данной статье рассмотрен пути подготовки талантливых учащихся к олимпийскому соревнованию.

SUMMARY

This article examines the ways of preparing talented students for the Olympic competition.

# MEKTEPLERDIN' ATA-ANALAR MENEN BIRGE ISLESIWINDE PEDAGOGIKALIQ BILIM BERIW REJELERI HA'M FORMALARI

***Yo'ldashev Sh.***

*NMPI Pedagogika teoriyasi ha'm tariyxi qa'nigeligi 2-kurs magistranti*

***Saparbaev T.***

*ilimiy basshi*

**Tayanch so'zlar:** тarbiyaviy ishlar, pedagogik reja va formalar, tarbiya turlari, pedagogik bilim, Oila, maktab, mahalla.

**Ключевые слова:** воспитанные работе, педагогические планы и формы, педагогического образования, школа, семейного соседсто

**Key words:** тraining work, teaching plans and forms, types of training, pedagogical knowledge, family, school, neighborhood.

Oqiwshi shaxsinin' joqari intellektke ha'm ma'na'wiyatqa iye, ja'miyetke kerekli, ka'mil insan bolip ta'rbiyalaniwinda ata-analar ha'm pedagoglardan ha'mme waqitta itibarliliqti, bilim ha'm sheber ta'rbiyashi boliw talap etiledi. Onin' ushin balag'a da'slepki ta'rbiya tu'rlerin beriwshi ata-analardan teren' bilim o'z gezeginde a'dep-ikramliliq talap etiledi. Bala du'niyag'a kelgennen son' a'tirap ortaliqti taniw menen birge ata-anasin, onin' pa'ziyletlerin, a'detlerin o'zinde sin'dire baslaydi. Sol sebepli ha'r bir ata-anadan birinshi gezekte perzent ta'rbiyasinda u'lken juwapkershilik talap etiledi. Sonday-aq bala ta'rbiyasinda bilimlendiriw makemeleri menen tig'iz baylanista boliw talap etiledi. Mektepte oqitiwshilardan da oqitip, ta'lim-ta'rbiya berip atirg'an oqiwshisinin' u'lgeriwi, minez-qulqi, individual o'zgesheliklerin u'yrenip qoymastan onin' shan'araqliq sharayati, oqiwshinin' ata-anasi menen de tig'iz baylanista boliw talap etiledi. Bu'gingi ku'nde ta'lim ta'rbiya tarawinda u'lken jan'alaniwlar ju'z berip atirg'an waqitta birqansha imkaniyatlar da jaratilip berilmekte. Shan'araq ha'm mektepler birge ta'lim-ta'rbiyaliq jumislardi alip barar eken, en' jan'a psixologiyaliq-pedagogikaliq izertlewler mag'liwmatlarin itibarg'a aliwi za'ru'r. Shan'araqta ata-ana perzentlerinin' oqiw xizmetine g'amxorliq etiw- ta'rbiyadag'i basli ma'selelerden esaplanadi. Ata-analar perzentlerinin' ta'lim protsessinde bilimlerdi na'tiyjeli o'zlestiriwleri jolinda juwapkershilikti teren' seziniwi za'ru'r. Bul boyinsha ata-analar perzentlerinin' oqiwg'a

keshikpewge ha'm u'yge tapsirmani o'z waqtinda islewge a'detlendiriw kerek. Perzentlerinin' ku'n ta'rtibine a'mel etiwin qadag'alaw. Ayrim jag'aylarda shan'araqta bala ta'rbiyasin duris alip bariwda bir qansha mashqalalar ju'zege keledi. Onin' basli sebeplerinen, ata-analarinin' pedagogikaliq bilimlerden jeterli da'rejede xabarda bolmawi. Perzentlerinin' o'tiw da'wirinde olardin' bilim aliwdan suwip, jumis islew menen ba'nt boliwine itibarsizliq. Zamanago'y axbarot texnologiyalarina artiqsha ko'p waqit sariplaw siyaqli mashqalali jag'daylardin' ju'zege keliwi baqlanadi. Ta'lim-ta'rbiya protsessinde shan'araq ha'm pedagoglar birge islesiwi dawaminda ilimiy, turmisliq ta'jiriybelerge iye usillardan paydalaniw talap etiledi. Ta'lim-ta'rbiya protsessinde pedagogika ilimine o'zlerinin' salmaqli u'leslerin qosqan ulli ilimpazlardin' shan'araqta ha'm bilim aliwda bahali pikirlerin, u'yrenip, oni ta'jiriybede qollaniw u'lken na'tiyje beredi. Abu Nasr Farabiydin' pikirinshe "Insannin' tuwma qa'bileti ta'rbiya protsessinde ja'nede rawajlanadi, ja'miyetlik ortaliq onin' jan'a qa'biletlerin ju'zege keltiredi, ja'miyetlik ortaliq ta'sirinde, izbe-izlikte ta'rbiya ja'rdeminde jan'a qa'biletlerinin' ju'zege keliwinde, insan shaxsinin' qa'liplesiwinde ilim, o'ner, sheberlik o'z aldina u'lken a'hmiyetke iye" dep aytip o'tken. Haqiyqatinda da ha'r bir shaxsta qanday da bir xizmetke qa'bilet ha'm uqip boladi. Biraq oni o'z gezeginde rawajlandirip bariw kerek. Ta'lim-ta'rbiya protsessinde shan'araq ha'm mekteplerdin' birge jumis alip bariw protsessinde oqiwshinin' qa'biletin elede o'siriwge imkaniyat jaratiw ja'ne de ko'p bilim beriw talap etiledi. Shan'araq ortalig'inda ata-analardin' perzentlerine (oqiwshi shaxsina) ta'rbiya beriw, olarda ma'na'wiy-a'dep ikramliliq ma'deniyatin qa'liplestiriw imkaniyatlarin aniqlaw boyinsha klass basshilar ta'repinen bir qatar ta'dbirler a'melge asiriladi. Bul boyinsha ata-analar menen birge islesiw jumislari alip bariladi. Oqitiwshilardin' ata-analar menen birge jumis alip bariwinda pedagogtan sheberlik, pedagogikaliq etika, qarim-qatnas ma'deniyati talap etiledi. Oqitiwshi ha'm ata-ana arasindag'i o'z ara tu'sinbewshilik ma'seleni qiyinlastiradi. En' da'slep ha'r bir pedagogtan shidamliliq, jag'daydi duris, aniq tu'sindire biliw talap etiledi. Sonin' menen birge ata-analardin' mektepler menen bire islesiwinde olardin' da a'mel etiwi tiyis bolg'an normalar bar bolip, olar haqqinda oqitiwshilardan aliwg'a boladi.

Ata-analar ushin lektsiya:

Bul lektsiya ata-analarg'a pedagogikaliq bilim beretug'in tu'rlerden biri. Ata-analar ushin arnalg'an lektsiya ta'lim-ta'rbiyaliq a'hmiyetke iye boliwi lazim. Ata-analar ushin pedagogikaliq bilim beretug'in lektsiyalar temalari:

- Oqiwshini milliy ideyaliq ruwxta ta'rbiyalawda ata-ananin' orni;
- Ruwxiy miyras ha'm shan'araq;
- Alimlardin' shig'armalarinda shan'araq ta'rbiyasi haqqinda;
- Perzentin'iz miyrimli bolsin desen'iz;

Ata-analar ushin tan'lang'an lektsiyalar to'mendegishe rejelestiriledi:

Tema: Ruwxiy miyras ha'm shan'araq

Maqseti: Ata-analarg'a o'tmish miyrasimizdan balani shan'araqta ta'rbiyalaw haqqindag'i oyshil, ilimpazlardin' shig'armalarindag'i ta'liymatlar haqqinda bilim beriw.

Lektsiyani ta'miynlewshi ilimiy derekler:

a) Ulli ilimpazlar (Abu Ali Ibn Sinonin' Tadbir al-manozil, Alisher Nawayinin' Maqbub-ul Kulub, Voiz Koshifiydin' Axloqiy Muxsiniy) shig'armalarindag'i shan'araq ta'rbiyasindag'i ideyalari.

b) Ko'rgizbeler-alimlardin' su'wretleri ha'm kitap ulgileri

v) didaktikaliq materiallar, danaliq ga'pler jazilg'an kartochkalar, faktlar.

Ata-analardin' turaqli da'rejede pedagogikaliq bilimlerge iye boliwi u'lken a'hmiyetke iye.

Shan'araq ha'm ta'lim mekemeleri arasinda sho'lkemlestirilgen birge islesiwinin' basil

ideyasi ata-analar ushin pedagogic ja'rdem ko'rsetiwden ibarat.

Ata-analar menen alip barilatug'in jumislar:

1.Ata-analar menen o'tkeriletug'in sa'wbetler.

Sa'wbetler jeke ha'm uliwma tu'rde alip bariladi.Da'slepki sa'wbet waqtinda oqiwshilardi ma'nawiy-a'deplilik ta'repinen ta'rbiyalaw,olarda ma'nawiy-a'deplilik ma'deniyat elementlerin qa'liplestiriw jen'islerin ta'miynlewdin' kepili bolg'an ata-analar ha'm perzentlerinin' ja'miyetlik sanali ha'm aktivligin asiriw aniqlawg'a ja'rdem beriwshi anketa sorawnamalarin o'tkeriw mu'mkin. Sorawnamada ha'r bir oqiwshinin' uliwmaliq portretin su'wretlewshi,diagnostikaliq xarakterge iye. To'mende sorawnamanin' uliwmaliq mazmunin keltiremiz:

«Siz o'z perzentin'izdi qay da'rejede bilesiz?» atamadag'i sorawnama mazmuni to'mendegishe:

1. Perzentin'iz usi oqiw orninda ta'lim aliwi neshinshi jil?
2. Perzentin'izdin' son'g'i oqiw jilindag'i o'zlestiriw da'rejesi sizdi qanaatlandirdima?
3. Perzentin'izdin' pa'nlerge bolg'an mu'na'sebeti qanday?
4. Onin' pa'nlerge bolg'an qizig'iwshilig'in bahalay alasizba?
5. Ja'miyetlik mu'na'sebetler (shan'araq ja'ma'a'tshilik ortasinda sho'lkemlestirilgen mu'na'sebetler) arasindag'i qatnasi qanday?
6. Perzentin'iz kimler menen doslasqan, olardin' ma'na'wiy kelbeti sizin' talaplarin'izg'a juwap bereme?
7. Siz perzentin'izge qarata unamsiz mu'na'sebet yaki ta'sir ko'rsetkenlerdin' guwasi bolg'ansizba?
8. Onin' shan'araqtag'i orni qanday?
9. Oqiw orni yaki shan'arag'iniz arasinda ju'zege keletug'in shaxsiy kelispewshilikler bolip turama?

Da'slepki sa'wbet ha'mde ata-analar ta'repinen toltirilg'an sorawnamalar na'tiyjelerin analiz etiw olar menen sho'lkemlestirilgen ta'dbirlerdin' bag'dari mazmuni belgilip beredi.

Juwmaqlap aytqanda ta'lim -ta'rbiya protsessinde oqiwshi shaxsinin' joqari intellektli, a'dep-ikramli insan bolip jetilisiwinde oqitiwshilar menen ata-analardin' tig'iz baylanista jumis alip bariwi talap etiledi. Maqalada bul haqqinda ilimpazlardin' ilimiy ko'z qaraslari menen birge qanday jumis alip bariw kerekligi haqqinda toliq mag'liwmatlar berilgen.

A'debiyatlar:

1.A.Zunnunov,U.Tolipov.Milliy qa'driyatlar asosida o'quvchi shaxsinin shakllantirish. Toshkent-2006. 24-bet.

2.M.X.To'xtaxodjayeva,S.Nishanova,J.Hasanboyev,M.Usmanboyeva,S.Madiyarova. A.Qoldibekova, N.Nishanova,N.Saydahmedov. PEDADODIKA-T:, 2010. 307-308 betler

3. Tarbiyaviy ishlar metodikasi (1-qism) ma'ruzalar ma'tni. Urganch Davlat Universiteti. Toshkent-2009. 59 bet.

РЕЗЮМЕ

Maqolada ta'lim-tarbiya jarayonida ota-ona va o'qituvchilarning birga ishlashi haqida so'z etiladi. Maktabning ota-ona bilan birge ishlashida qanday yumushlar olib borish kerakligi haqida ma'lumotlar berilgan. Oila va o'qituvchilarning birga ishlashining ahamiyati haqida olimlarning fikrlari byon etilgan.

РЕЗЮМЕ

В статье упоминаются родители и коллеги, работающие вместе в области образования. Информация о том, как школа работает с родителями. Мнения учены о работе семьи и педагогов.

SUMMARY

Parents and teachers to work together in the field of education in the article mentioned. School parents are given information about how to work together. Family and teachers to work together on scientific ideas.